

KLAS 4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

4 JEN 2018

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen sa a gen de (2) pati. Pati I ak II a nan tiliv egzamen sa a.

Pati I an gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo sou yon fèy repons apa. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

Pati II a gen 15 kesyon ki mande pou konpoze yon repons. Ekri repons ou yo pou Pati II a nan tiliv egzamen sa a.

W ap gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W POU FÈ SA.

ENSTRIKSYON

Genyen 30 kesyon nan Pati I egzamen sa a. Apre chak kesyon gen twa oswa kat (4) chwa repons, ki make A–D. Li chak kesyon avèk anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou chwazi. Sou fèy repons apa a, make repons ou nan ranje ti wonn yo pou chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon No. 2 pou make fèy repons lan.

Li Egzanp Kesyon **S-1** ki anba la a.

S-1 Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons pou Kesyon ki nan Egzanp **S-1** an. Gade kijan yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, li Egzanp Kesyon **S-2**. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou Kesyon ki nan Egzanp **S-2** a.

S-2 Ki bèt ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A**. Sou fèy repons ou, ou te dwe nwasi ti wonn **A**.

Reponn tout 30 kesyon ki nan Pati I egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou ka pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Pati I a, ale nan Pati II a. Reponn tout kesyon ki nan Pati II a nan espas yo kite pou chak kesyon.

Pati I


1 Ki pwosesis lavi ki komen pou tout èt vivan sa yo?

- A repwodiksyon
- B jèminasyon
- C lachas pou manje
- D polinize flè

2 Yon odè skonk dezagreyab pou lòt bèt yo. Koulè yon papiyon monak avèti zwazo yo ke li gen gou amè. Adaptasyon sa yo ede bèt sa yo

- A jwenn dlo
- B jwenn pwa
- C chèche refij
- D evite predatè yo

3 Dyagram ki anba a montre yon lous polè ki abite nan yon anviwònman frèt, ki gen lanèj. Yo make kat (4) nan estrikti ki nan kò lous polè a.




Ki estrikti kò ki bay kamouflaj pou lous polè a nan anviwònman li?

- A lang graj
- B janm solid
- C ke kout
- D pwal blan

4 Lè rezè v manje a **diminye** nan yon zòn, anpil nan sè k ap viv la pral

- A deplase ale nan yon nouvo abita
- B chanje koulè yo
- C ibène
- D repwodui

5 Dyagram ki anba a montre kwasans ak devlopman yon pye bwadchenn.



(Pa trase selon echèl la)

Dyagram sa a montre yon

- A dire lavi
- B sik lavi
- C chèn alimantè
- D rezè v manje

6 Objektif prensipal flè yon plant se pou

- A absòbe dlo
- B pwodui grenn
- C bayabri
- D soutni plant lan

7 Moun gen cheve ak zong ki toujou ap pouse. Kisa ki bay enèji ki nesesè pou kwasans sa a fèt?

- A van
- B manje
- C dlo
- D tè

8 Yon chen preri soufle byen fò lè li santi danje. Lè li soufle, tout chen preri ki toupre yo kouri al kache nan twou yo. Ki sans ki ede lòt chen preri yo resevwa avètisman sa a?

- A odisyon
- B vizyon
- C pran sant
- D gou


9 Dyagram ki anba a montre yon èg ki kaptire yon lapen pou li manje




Lapen sa a se egzanp yon

- A dekonpozè
- B predatè
- C pwa
- D pwodiktè

10 Dyagram ki anba a montre menm zwazo atik la ann ete ak ann ivè.



Zwazo atik ann ete



Zwazo atik ann ivè

Ki obsèvasyon sou zwazo a ann ivè ki bay pi bon prèv ke zwazo a ap estoke grès?

- A Li gen mwens plim.
- B Li chanje koulè.
- C Li pi gwo.
- D Li gen yon kou ki pi long.

Remake kesyon 11 lan gen twa (3) chwa sèlman.

11 Krapo yo manje krikèt. Si popilasyon krikèt yo *diminye* nan yon zòn, kantite krapo yo nan zòn nan ap gen plis chans

- A diminye
- B ogmante
- C rete menm jan

12 Kisa ki bay sous enèji pou sik dlo a?

- A lapli
- B tè
- C Solèy la
- D Lalin nan

13 Ki aktivite moun ki gen yon efè itil sou anviwònman an?

- A jete fatra
- B polisyon
- C resiklaj
- D fimen


14 Anpil òganis viv nan forè. Souvan yo koupe pyebwa ki pi wo yo nan forè a pou bwa. Kijan chanjman sa a nan anviwònman an ka **itil** pou plant yo?

- A Dlo wonyen tè a.
- B Bèt yo gen plis manje.
- C Moun bati nouvo kay.
- D Plis limyè solèy rive nan tè a.

15 Konbyen tan li pran pou Latè tounen toutotou Solèy la?

- A yon ane
- B yon mwa
- C yon semèn
- D yon jou


16 Dyagram ki anba la a montre aparans yon objè nan syèl la ke yo obsève apati Latè pandan mwa septanm.



Objè yo obsève a gen plis chans se te

- A Solèy la
- B Lalin nan
- C yon etwal
- D yon planèt

17 Kat anba a montre kèk kondisyon metowolojik ki rive nan diferan pozisyon Ozetazini nan yon sèten jou.



Ki de (2) kondisyon yo montre sou kat la ki se fòm presipitasyon?

- A tan mare ak solèy an pati
- B tan nèj ak solèy an pati
- C lanèj ak lapli
- D tan mare ak lapli

18 Yon elèv chifonnen yon fèy papye vin fè yon boul won. Kiyès pwopriyete papye a ki chanje?

- A solidite
- B koulè
- C mas
- D fòm

19 Ki pwopriyete yon miwa genyen ki fè li posib pou yon elèv wè imaj li ladan?

- A volim
- B mayetis
- C reflektivite
- D kondiktivite

20 Ki kalite enèji ou dwe **retire** nan dlo likid pou chanje dlo likid la vin dlo solid?

- A limyè
- B chalè
- C son
- D chimik

21 Ki egzanj matyè ki **san** fòm defini epi **san** volim defini?

- A lè
- B ajil
- C wòch
- D lèt

22 Ki fòm enèji ki pwodui lè yon moun bat men li?

- A chimik
- B elektrik
- C limyè
- D son

23 Foto ki anba a montre yon kaskad.



Ki de (2) pwosesis ki rive lè kaskad la charye patikil wòch yo sou falèz la epi patikil yo al enstale yo nan yon lòt zòn?

- A evaporasyon ak kondansasyon
- B depo ak evaporasyon
- C kondansasyon ak ewozyon
- D ewozyon ak depo

24 Ki inite li dwe itilize lè yon elèv itilize yon règ metrik pou mezire longè yon biwo?

- A degre Sèlisyis ($^{\circ}\text{C}$)
- B gram (g)
- C mililit (mL)
- D santimèt (cm)

25 Yon elèv fwote men li ansanm. Li santi men l pi cho akòz chalè ki te pwodui grasa

- A ewozyon
- B friksyon
- C gravite
- D limyè solèy


26 Ki aksyon ki pèmèt enèji elektrik chanje vin yon lòt fòm enèji?

- A dòm nan yon chanm frèt
- B limen yon limyè nan yon chanm ki fènwa
- C kuit manje sou yon boukan dife
- D jwe yon vyolon nan yon gwoup mizik

27 Ki fòs ki rale objè nan direksyon sant Latè?

- A pezantè
- B friksyon
- C mayetis
- D elektrisite


28 Dyagram ki anba la a montre yon moun k ap itilize yon machin senp pou leve yon bwat.



Bwat la leve avèk èd

- A yon plan encline
- B yon leman
- C yon pouli
- D yon levye

29 Dyagram ki anba a montre yon balans ak resò.



(Pa trase selon echèl la)

Y ap itilize balans ak resò a pou mezire

- A tanperati wòch la
- B pwa wòch la
- C longè wòch la
- D volim wòch la

30 Ki deklarasyon sou krapo ki se egzanzp yon opinyon?

- A Krapo yo ponn ze.
- B Krapo yo viv nan tout 50 eta yo.
- C Krapo se bèt ki dwòl anpil.
- D Gen plis pase 4,000 kalite krapo.

Pati II

Enstriksyon (31–45): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

- 31** Tablo ki anba a montre yon paj ki soti nan jounal syans yon elèv. Elèv la obsève pwopriyete yon menm tas krèm glase nan twa moman diferan nan yon jounen. Li mezire mas la an gram (g) epi li mezire tanperati a an degre Sèlsiyis (°C).

Obsèvasyon Krèm Glase a

Lè	Obsèvasyon
5:30 p.m.	<ul style="list-style-type: none"> — tanperati a 0°C — teksti a di — mas tas la ak krèm glase a se 125 g
5:45 p.m.	<ul style="list-style-type: none"> — teksti a mou — tanperati a 2°C — mas tas la ak krèm glase a se 125 g
6:15 p.m.	<ul style="list-style-type: none"> — mas tas la ak krèm glase a se 125 g — teksti a trè mou — tanperati a 5°C

Elèv la òganize kèk nan obsèvasyon sa yo nan tablo done ki anba la a. Pou fini tablo done a, ranpli enfòmasyon ki pou nan bwat vid yo. [1]

Tablo Done

Pwopriyete Krèm Glase a	Obsèvasyon Krèm Glase a nan Moman Diferan		
	5:30 p.m.	5:45 p.m.	6:15 p.m.
tanperati krèm glase a	0°C		5°C
teksti krèm glase a		mou	trè mou
mas tas la ak krèm glase a	125 g	125 g	

Sèvi ak tablo done ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 32 ak 33. Tablo done yo montre lè solèy leve ak lè solèy kouche nan Albany, New York, pandan kat (4) jou youn dèyè lòt. Yo **pa** montre lè solèy la kouche pou jou 5, jou annapre a.

**Leve solèy ak Kouche solèy
pou Senk Jou nan Albany, New York**

Jou	Leve solèy	Kouche solèy
1	5:48 a.m.	8:15 p.m.
2	5:49 a.m.	8:14 p.m.
3	5:50 a.m.	8:13 p.m.
4	5:51 a.m.	8:12 p.m.
5	5:52 a.m.	

32 Konbyen tan solèy la te leve pi bonè nan jou 1 pase nan jou 4? [1]

_____ **minit**


33 Dapre tandans ki nan tablo done a, fè prediksyon pou lè solèy la kouche nan jou 5. [1]

_____ **p.m.**

34 Moun eritye anpil trè nan paran yo. Gen kèk karakteristik moun *pa* eritye, epi ou vin genyen yo pita. Nan tablo ki anba a, mete yon **X** nan kolòn nan pou idantifye si obsèvasyon yon moun se yon trè eritye oswa yon karakteristik aki. Yo montre **X** la pou premye ranje a. [1]


Obsèvasyon Moun	Eriye Trè	Karakteristik Aki
gen zye mawon	X	
gen yon sikatris		
gen gwo zòrèy		
gen yon tatou		

35 Dyagram anba a montre twa etap nan lavi yon poul.



Dekri **yon** fason kò poul la chanje pandan l ap devlope pou vin yon adilt. [1]


36 Bèt yo gen estrikti kò diferan ak adaptasyon ki ede yo grandi ak siviv. Dyagram ki anba la a montre yon tòti lanmè ki gen senk estrikti kò ki make.



Tablo ki anba a bay lis fonksyon estrikti kò sa yo. Pou ranpli tablo a, mete chak estrikti kò ki make akote fonksyon li ranpli. Yo montre estrikti kò li itilize pou fouye yon twou pou ze. [1]

Fonksyon	Estrikti Kò
pou fouye yon twou pou ze	najwa dèyè (yo)
pou wè predatè yo	
pou manje ak bwè	
pou naje nan dlo	

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 37 ak 38. Dyagram nan montre kèk kreyati vivan ak kreyati ki pa vivan.



(Pa trase selon echèl la)

37 Idantifye **yon** èt ki make nan dyagram lan ki itilize enèji ki sot nan Solèy la pou fè manje. [1]

38 Idantifye **yon èt ki pa vivan** ki make nan dyagram lan ke moun te kreye. [1]

39 Idantifye **de (2)** aktivite ki ankouraje bòn sante kay moun. [1]

(1) _____

(2) _____


40 Yon elèv obsève ke yon wòch gen karakteristik sa yo:

nwa
pa gen odè
won
lis

Tablo ki anba a bay lis twa sans moun kapab itilize pou fè obsèvasyon sou objè yo. Pou ranpli tablo a, idantifye **yon** karakteristik yo te obsève nan wòch la avèk chak sans ki nan lis la. [1]


Sans	Karakteristik Obsève avèk Itilizasyon Sans sa a
vizyon	
pran sant	
touche	

41 Dyagram ki anba a montre yon zòn forè anvan yon dife, yon jou apre dife a, ak de (2) ane apre dife a.




Dekri **yon** fason dife a te afekte nan fason *negatif* bèt ki te rete nan zòn nan apre dife a. [1]

42 Dyagram ki anba a montre yon menm chemiz lè li sèch ak lè li mouye.




Dekri kòman aparans chemiz la chanje lè li te vin mouye. [1]

43 Dyagram ki anba a montre yon pati nan yon sikui elektrik ki gen ladan yon batri, yon klòch, ak twa (3) fil ki make *A*, *B*, ak *C*.



Klòch la **pa** fè yon son. Eksplike kisa ki dwe fèt nan sikui a pou klòch la kapab fè yon son. [1]


44 Dyagram ki anba a montre yon elèv ki chita toupre yon boukan dife, k ap woti yon machmalo pandan yon aswè fre.



Boukan dife a pwodui diferan kalite enèji. Pou ranpli tablo ki anba la a, dekri **yon** fason chak kalite enèji boukan dife a pwodui **itil** pou elèv la. [1]

Kalite Enèji Boukan Dife a Pwodui	Fason Enèji Sa a Itil pou Elèv la
chalè	
limyè	

45 Dyagram ki anba a montre yon leman k ap ramase klips sou yon tab.



Bay **yon** rezon ki fè leman an te kapab ranmase **kèk** nan klips yo sèlman sou tab la. [1]

GRADE 4 ELEMENTARY-LEVEL SCIENCE HAITIAN CREOLE EDITION

Pou Itilizasyon Pwofesè Sèlman Part II Credit

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
31	1	
32	1	
33	1	
34	1	
35	1	
36	1	
37	1	
38	1	
39	1	
40	1	
41	1	
42	1	
43	1	
44	1	
45	1	
Total	15	